République du Sénégal
Ministère de l'Education nationale

# Njàng

CP

## Téere kër

## Wolof

Édition 2018
Réimpression 2021

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Comment utiliser le livret de maison ?

## 1. Présentation du livret

Le livret de maison conçu dans le cadre du programme « Lecture Pour Tous » est destiné aux élèves du Cours préparatoire (CP) de l'école élémentaire. C'est un outil qui permet, après les apprentissages en classe, d'accompagner l'élève pour un travail de remédiation, de renforcement à domicile et d'augmentation des opportunités de lecture. Le livret est structuré selon le même modèle que l'Outil de classe.

## 2. Conseils aux parents

- Veiller à une bonne préservation du livret ;
- Mettre l'enfant dans un endroit calme avant de le faire lire ;
- Le faire lire à haute voix au moins pendant 15 minutes par jour toute la page de la leçon du jour ;
- Utiliser les symboles et pictogrammes pour l'orienter et lui permettre de se positionner sur les lignes de lecture ;
- L'écouter et lui apporter l'aide nécessaire en termes de remédiation, en revenant sur ses principales difficultés ;
- Veiller à ce que l'élève dispose d'un cahier d'exercices dans lequel, il exécute les tâches qui lui sont données ;
- Veiller à ce que l'élève ramène son livret et son cahier d'exercices en classe chaque vendredi matin ;
- Veiller à une application des suggestions de l'enseignant(e).

## 3. Les symboles et pictogrammes

Les symboles et pictogrammes utilisés permettent à l'élève d'avoir des repères pour se positionner au niveau des éléments à lire. Il s'agit d'éléments très familiers qu'il connaît déjà.

| | |
|---|---|
| (coq) | Chanson de l'alphabet |
| (chat) | Apprentissage des lettres |
| (vache) | Lecture de syllabes |

| | |
|---|---|
| (lion) | Lecture de mots |
| (éléphant) | Lecture de phrases |
| (tortue) | Lecture de paragraphes |

Des symboles sont également utilisés pour permettre à l'apprenant(e) de se positionner d'abord en prelecture sous les 5 différentes rangées de la chanson de l'alphabet ( ★ , ▲ , ■ , ● et ♥ ).

Et dans les autres leçons à tous les niveaux, de la révision de lecture de lettres à la lecture de paragraphes (★ , ▲ , ■ , ● , ♥ , ☾ , ☀ , ...).

# Abajada wolof

a  A


anaanaas

b  B

bal

c  C

caabi

d  D

daba

e  E

ekool

ë  Ë

lëg

f 


F

foto

# Abajada wolof

g  G

gaal

h  H

hilleer

i  I

dibi

j  J

jën

k  K

kaani

l  L

lal

m  M

mala


n  N

nafa


# Abajada wolof

ñ  Ñ

ñey

ŋ  Ŋ

ŋàdd

o  O

oto

p  P

paan

q  Q

caq

r  R

riiti

s  S

satala

# Abajada wolof

t  T

tama

u  U

ubbi

w  W

waliis

x  X

xar

y  Y

yoo

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| a | b | c | d | e | ë |
| f | g | h | i | j | |
| k | l | m | n | ñ | ŋ |
| o | p | q | r | s | |
| t | u | w | x | y | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| A | B | C | D | E | Ë |
| F | G | H | I | J | |
| K | L | M | N | Ñ | Ŋ |
| O | P | Q | R | S | |
| T | U | W | X | Y | |

# a e ë i o u  d m l n b

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | D | u | m | O | ë | E |
| ▲ | L | b | i | u | n | o |
| ■ | d | i | B | a | e | o |
| ● | b | A | u | D | b | m |
| ♥ | n | Ë | I | l | B | N |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ol | la | du | bu | ni |
| ▲ | mal | mil | ob | mob | nul |
| ■ | me | an | lë | lud | be |
| ● | bi | ud | ëm | bed | nul |
| ♥ | in | len | më | be | dol |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | lëlu | lam | duma | bula |
| ▲ | dibi | mol | dale | bol |
| ■ | bul | dabe | dono | leb |
| ● | dana | dun | dun | duma |
| ♥ | bële | labe | mëne | bale |

Lu am la.

Ubal nu dem.

Leb na ab lal.

Bul dem ba nu.

Bal bi dal na ma.

Lëm dina di am lem.

Man, dina ma ba de !

# f c k r t

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | R | a | c | D | f | k |
| ▲ | c | B | f | b | k | T |
| ■ | t | r | U | k | ë | f |
| ● | f | ë | k | M | C | r |
| ♥ | k | F | r | o | d | U |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | fë | ef | ko | ot | ru |
| ▲ | kof | cë | tec | ra | tak |
| ■ | tob | dëf | nab | kut | në |
| ● | rem | fem | rik | tum | cil |
| ♥ | ël | bëk | dir | con | en |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | col | ceko | firi | niru |
| ▲ | rato | beru | cere | nëb |
| ■ | car | kafe | bar | car |
| ● | fot | rët | for | alku |
| ♥ | bëre | moto | kilo | oto |

Meru ma ci.

Uti na cin.

Kilo kafe la def.

Tari na dem tëri.

Abal na ma ab dëru.

Kuti bi dafa mar de !

Dina far rot dafa cate.

# s x g w y

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | Ee | oo | Y | uu | ii | Aa |
| ▲ | Ii | ee | w | aa | Y | oo |
| ■ | y | Ii | ee | G | x | s |
| ● | S | W | oo | X | g | Uu |
| ♥ | Ee | Aa | s | w | s | W |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | aag | suu | iiw | teeg | xoo |
| ▲ | aax | liim | koom | cuu | tiix |
| ■ | meeg | yook | eex | uun | kiic |
| ● | iiy | woo | aaw | buu | baat |
| ♥ | iic | taak | coom | eet | laat |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | leer | raas | toogu | taamu |
| ▲ | naax | waaru | faax | buuse |
| ■ | noote | woolu | fuuti | tuur |
| ● | agsee | seetu | fuur | xaal |
| ♥ | taasu | tegoo | goor | miir |

- Tool bee yaatu !
- Uul dafa saf suukar.
- Ci bii teen laa roote.
- Suur na, raay biir ba.
- Laalo baax na lool ci cere.
- Caat ma dafa reew, yar ko.
- Da doon yooru de, waaye yab na.

# ñ j ŋ p q

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ŋ | uu | j | P | ñ | q |
| ▲ | j | aa | ñ | ee | oo | ŋ |
| ■ | oo | J | aa | Q | ŋ | Ñ |
| ● | q | Ñ | ii | j | ee | uu |
| ♥ | aa | p | Oo | Ñ | J | Ii |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | paa | uuŋ | oob | puun | pooñ |
| ▲ | iip | eej | aam | paaw | beej |
| ■ | oog | kaag | ŋuuŋ | kiil | muuc |
| ● | cuuñ | iip | peeŋ | juun | ñiig |
| ♥ | huuk | eeñ | paap | suuk | gooj |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | jooy | paañ | ŋaaŋ | yooru |
| ▲ | seeñu | ŋoosi | poqe | ŋiiŋ |
| ■ | goqee | beqee | saaj | buuj |
| ● | tooñ | seetu | rëq | soq |
| ♥ | ŋaañ | sëqee | daay | jaqee |

★ Cinam lee dar.

▲ Jaan deesu ko fowe.

■ Fee la caaf di jaaye.

● Ana liir bi doon raam ?

♥ Moo, tuur na reer bi di !

☾ Root na ag paan, wut saabu.

☼ Buub nañu kër ya ba ñu leer.

# kk gg

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | Oo | Ñ | j | ñ | Ee | ŋ |
| ▲ | Ii | aa | Q | g | ii | k |
| ■ | j | Ee | ŋ | uu | q | o |
| ● | Q | k | ee | P | Aa | Ee |
| ♥ | Ñ | g | ii | ŋ | p | uu |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | okk | pukk | xigg | ñikk | jegg |
| ▲ | ŋigg | igg | ŋogg | xigg | ëgg |
| ■ | nëgg | dokk | dukk | fogg | gokk |
| ● | dokk | ikk | nikk | likk | ekk |
| ♥ | xukk | figg | yikk | kugg | ŋigg |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | takk | sukki | yegg | bëgge |
| ▲ | dëggu | déggoo | sekki | tukki |
| ■ | dikk | fekke | tagg | fëkk |
| ● | wogg | tëgg | dagge | toggal |
| ♥ | sëgg | fekki | digg | sikket |

★ Ami suba la bëgg a tukki.

▲ Nanu sax ci defar jikko yi.

■ Dafa fekk magam di ree bay kekku.

● Takk nanu yëkk wi ci tool bi.

♥ Mënu ko muñ, dañu tëgg rekk mu tëb.

☾ Sunu dëkk bi déggoo nañu ci fukki poñ.

☼ Faatu dafa raggu ba set, solu, lekk, dem ekool.

★ Faatu wax na rakkam mu duggi màrse.
Tey moom mooy togg añ. Dafa bëgg a teel a lakk jën.

▲ Ami daal bëgge mooy sikkam.
Jikko jooju du génn mukk ci moom.
Rakkam bu ko soxlaa, du ko wuyu, day sëgg rekk. Du siggi mukk xanaa buy xool weer wi.

# mm nn

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | e | m | n | i | a | l |
| ▲ | u | Oo | q | aa | j | Ñ |
| ■ | ŋ | uu | Ee | p | oo | m |
| ● | Q | ñ | m | ee | P | Ee |
| ♥ | Ñ | Ee | p | n | J | Ii |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | amm | runn | pinn | komm | jemm |
| ▲ | bumm | ponn | nann | xinn | umm |
| ■ | enn | gumm | imm | sinn | dinn |
| ● | ginn | fumm | ŋenn | junn | wamm |
| ♥ | funn | nonn | jumm | yinn | ŋunn |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | bann | jëmm | tonni | lëmm |
| ▲ | fenn | fomm | bennoo | menn |
| ■ | bunn | jonn | ximmi | këmm |
| ● | rëmm | xemmem | dënnu | ronn |
| ♥ | semmal | dënn | yenni | senn |

★ Dafa ximmi di laaj junni.

▲ Nanu taxaw temm tonni tilim ji.

■ Lemmil paket bi ba xam lu mu.

● Jëmm jii téye gënn gi, kan la ?

♥ Jonn, demal ba suba, tey dama ne këmm.

☾ Di ree rekk, xanaa jinne moo ko jommil ?

☼ Nanu wommat gan gi, benn yoon la fi ñëw.

★ Cere ju ënn jii bul ko jox xemes.
Nee nanu cere lëmm lay lekk.
Tere na ko ko ba sonn mu bañ.

▲ Jan jamono lay wax, la woon wonni na.
Dama ne, bul lemmi yére yi, lemal gaaw.
Bul sol, summil yére yu tilim yii.
Bul gëmm, gimmil doktoor bi xool say bët.

# ll bb

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | e | m | n | b | a | l |
| ▲ | Oo | u | b | ŋ | ñ | b |
| ■ | ŋ | uu | Ee | ñ | Ee | t |
| ● | p | q | Ii | e | u | aa |
| ♥ | l | oo | ñ | ii | o | Ñ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | mull | babb | pebb | nill | doll |
| ▲ | dubb | bell | bobb | yibb | nëll |
| ■ | boll | fëbb | yell | dill | fabb |
| ● | mëbb | cill | doll | gubb | jell |
| ♥ | mall | joll | dobb | ñabb | cull |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | dellu | xolli | yëbb | xulli |
| ▲ | coll | tobb | sëllax | pull |
| ■ | ñibbi | ñoll | lelli | yelloo |
| ● | jolli | gall | sulli | delloo |
| ♥ | dëll | këll | fëll | ñoll |

Di rëbb ak illeer fii la am.
Coow li bare na, neel cell ma dallu.

Dafa ne tëll, am lu mu gis dellu.

Bul dolli ñeex, suur naa, damay ñibbi fu sore.

Lu tax ku jaar Ibu tibb suuf sëllax ko ?
Xamuma lu tax muy nëbbu waaye dina dellu kër Kolle.

Bu sa koll feesee ba ne këll doo tulli bal.

Dama ne, duma dem, duma dellu.
Fii laay xaar Sëllax mu ñëw.
Lu tax muy tulli suuf jëmale ko ci man.

Waañ wi tey mu neex, ñebbe moo aye.
Dafa dëbb kaani, xolli soble, dolli poobar.
Gan yu am fulla la am. Till ak Tëll ñoo koy seetsi.

# à ó é

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ó | A | i | é | t | l |
| ▲ | é | ó | W | A | p | b |
| ■ | à | é | ii | D | ëe | J |
| ● | f | à | I | ó | à | Ñ |
| ♥ | ó | k | à | n | u | f |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | óll | sàgg | dóll | éll | xàgg |
| ▲ | énn | wàgg | ókk | ógg | dénn |
| ■ | sàbb | éd | ój | màq | éñ |
| ● | ómm | fàbb | pàll | óc | wé |
| ♥ | jékk | kónn | có | jég | pót |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | dàll | póllu | xàll | tàlli |
| ▲ | dàkk | wéradi | sóll | gàbb |
| ■ | sàggi | déy | téq | dér |
| ● | wéral | tàggat | gàlli | ñéy |
| ♥ | dég | wéqu | wóll | tér |

★ Njël laay jóg, nafar, xélu jëm ekool.

▲ Ku namm wér dina màggal cet,
toxal wéradi.

■ Sëqët su bon si jurul jàmm cib dëkk.

● Bukki jéggi na tool bi, jàll ci xur wi.

♥ Bu ñey dee xàll yoon, xalaat na doom yi.

☾ Di jéggi tali te doo sol dàll fan la am ?

☼ Bul sànni sémmiñ wi jox ma ko loxo ak loxo.

★ Looy daw di xélu, lu xew ?
Ku gis ñey wuy sàmm doo ñalli ?
Man xaaral ma jéggi tali dem Wàqi-naan.

▲ Póllu tamaate ci kër, sànnil !

Nawet bi teel na ñëw ren. Nawet ak yoo mooy tawat tàbbi na. Wéradi dugg na, jàmm jeex na.


# dd pp



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | A | m | i | E | t | l |
| ▲ | U | ó | à | O | b | i |
| ■ | E | t | e | o | p | n |
| ● | T | p | ó | L | é | d |
| ♥ | d | n | l | A | u | i |



| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | àpp | odd | aal | at | on |
| ▲ | ad | ipp | oon | aam | àm |
| ■ | édd | opp | abb | egg | no |
| ● | be | ém | oll | ut | ub |
| ♥ | um | uul | app | to | in |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | kàddu | tàkkal | jikko | àddu |
| ▲ | jóg | tóqu | laaj | tudd |
| ■ | akki | àddina | fukk | miir |
| ● | fàdd | bett | linu | beddi |
| ♥ | woddu | dakkal | guddi | póli |

★ Daba Géy mi ma dëkkal nit ku dal la.

▲ Seen dëkk bi dafa naat ba kenn du fi jóge.

■ Guddi gi dafay sedd ba nit du mën a nelaw.

● Xale bu juddu rekk war nañu
la tudd wutal la kayit.

♥ Xadi ak rakkam dinañu jàdd kër Mari
su ñu jógee ekool.

★ Sali ku nekk la mën a dëkkal. Du àddu ci wax ju mu bokkul. Mokkal na li ko magam wax ba mu koy yar. Xale bu jar a roy la ci dëkk bi.

▲ Omar bokk na ci ñi gën a jàmbaare. Dafay def, bés bu nekk mu xëy beyi. At mu jot, suy déqi ba pare dina sédd waa këram. Sàkk ci def ko jiwu, li ci des mu leble ko.

# tt cc

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ó | ii | E | Aa | t | l |
| ▲ | L | à | O | E | p | i |
| ■ | k | ee | C | M | b | N |
| ● | ó | b | L | U | é | c |
| ♥ | T | é | B | N | L | A |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | occ | le | od | ett | mu |
| ▲ | ucc | wee | yaa | xoo | lóo |
| ■ | aan | étt | eet | ëcc | iik |
| ● | se | wo | ra | icc | im |
| ♥ | noo | tee | acc | jé | só |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tàccu | nattu | ritax | sotti |
| ▲ | làcce | wàttu | fett | witt |
| ■ | kàttan | picc | àtte | bëtt |
| ● | pittax | xott | nàcc | itte |
| ♥ | xotti | fecci | futt | wiccax |

★ Jëndal naa sama doom ju ndaw ji peeru pittax.

▲ Nogay moo raw seen kalaas, elew yi di ko tàccu.

■ Baaba day tàggat yaram wi moo tax mu am kattan.

● Suba Ami Juuf rekk a nar a bàcc yëre yi.

♥ Siggil xool tàggu picc mi ci kaw garab gi ni mu rafete.

★ Maas ku am itte la  ci njàng mi.
Foo ko fekk mu ngi ci ëtt bi ak téereem.
Bëggul ku ko raw muy am gàcce.
Moo tax mu mucc ci lu bari.

▲ Nanu tette xale yi ci cetug gox bi.
Ñu koy wattu, di ko sàmm. Ndax cet duñu ko weccoo ak dara. Kon nag nanu xiir xale yi ci cet.

# óo ée ëe

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | A | g | ó | E | t | Ë |
| ▲ | U | ó | L | é | p | i |
| ■ | E | t | k | ó | b | N |
| ● | ë | m | ó | l | é | s |
| ♥ | E | a | A | t | ó | c |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ooc | jée | póo | eel | gëe |
| ▲ | sée | yée | lée | dée | bëe |
| ■ | ëen | rée | óon | góo | kée |
| ● | ood | ées | kée | wóo | ëes |
| ♥ | eex | óoj | éep | eew | bóo |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | tóoju | jéego | sóobu | céeli |
| ▲ | xéewal | yéene | néewal | dóore |
| ■ | téenal | téere | sóoral | léebu |
| ● | réeroo | tóokër | jéexal | sóoblu |
| ♥ | xóoyal | yéeme | géeyal | féebar |

★ Teel a yeewu lu baax la, dafay indi xéewal.

▲ Bés bu ne ñu sóobu ci liggeey bi ba guddi.

■ Bàcc war na bàyyi di néewal doole xaley koñ bi.

● Guddi gu nekk seen maam dina leen léebal ca néegu biiram ba.

♥ Ñaari xarit yii tàmm nañu di waxtaan, moo tax duñu réeroo mukk.

★ Jamonoy kóoni lañu nekk fi ñu tollu.
Li ñu koy jaaye xéewale na.
Kuy tukki léegi war koo def yóbbal.
Xale yi di ko séentu saa su nekk.

▲ Nijaay Omar wóolu na fasam wi. Muy kekk walla gannuus, fu mu ko jaarloo dina dem. Ab jakkeer bu am kàttan la te yéeme. Boroom dafa am yéene ci moom.

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | A | ó | ii | E | Aa | t |
| ▲ | U | L | à | o | é | p |
| ■ | E | k | ee | ó | M | b |
| ● | ŋ | ó | b | l | u | é |
| ♥ | E | à | n | E | m | ó |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | xam-xam | am-am | nes-nes | kot-kot |
| ▲ | boŋ-boŋ | rëg-rëg | dog-dog | kur-kur |
| ■ | nux-nux | tëf-tëf | pas-pas | ras-ras |
| ● | toŋ-toŋ | toq-toq | fër-fër | nor-nor |
| ♥ | taf-taf | saf-saf | daŋ- daŋ | për-për |

★ Toj-toj ku ci dëkk mu jig la yoon dafa la seetaan.

▲ Saa yu seen yaay génnee xale yi di xaar boŋ-boŋ.

■ Wis-wis la def démb ci ngoon waaye suuf si tooyul.

● Kër-kër dey mooy indi kër, loolu la mag ñi daan wax.

♥ Yat-yat rekk du tax nga àgg fenn.

★ Nit ku baax dafay am xam-xam.
Jikko ja dafay rafet te mu teey. Bu ci boole am-am bu set. Njariñ doŋŋ lay doon ci aw askan.

▲ Lu xew ci jamono dalal rekk te xool.
Bul and ak jax-jax walla pët-pët.
Teey lu am solo la bu raŋ-raŋ amee.
Kon nag neel tekk ba xam lu xew.

# mb mp nd nj

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | k | mb | nj | mp | Ëe | nd |
| ▲ | nd | aa | g | T | mb | p |
| ■ | ñ | nj | Nd | mb | w | mp |
| ● | nj | R | G | e | mp | ë |
| ♥ | s | U | mb | nd | ó | nj |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ndi | ënd | mbe | nju | omp |
| ▲ | mboo | njuu | àmb | yemp | ginj |
| ■ | ndur | njóo | mbunj | ponj | wend |
| ● | yand | ndeet | mbàdd | lanj | mbiis |
| ♥ | émp | mbuy | imp | ndo | rund |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | mbaar | ndulli | àntu | xàmp |
| ▲ | ndóbin | mbànd | lëndëm | pómpi |
| ■ | comp | lëmbe | rondal | ndend |
| ● | randale | mboob | rombal | xundu |
| ♥ | njuuma | jémbe | xumbal | njombe |

★ Sumbal sa yére yooyu fóot leen bala ñoo gën a dand.

▲ Dindi na sondeel bi mu sampoon, fay ko, mujj taal làmp bi.

■ Mboq ak ñàmbi bokk nañu ci li ñuy dunde fii ci tundu Kajoor.

● Mbote mi ak sëll wi ñoo naan ndox mi ci mbànd mi ba màndi.

♥ Ginaar gi duggoon na ca kàmb gu xóot di jenj dafa naroon a nen.

★ Amoon na fi waay ju yambare ba waa dëkkam mere ko. Mu am bés, gaynde nëw ci moom ne ko nanu xaritoo ma dimbali la. Dafa ne ko su nit ñi toogee ma nëw dend ak yaw bul daw. Njaay ne tëll, nit ña fëx, Buqat toog, tàccu ya jolli, ndeke xëm na bu yàgg.

▲ Dimb dafa am njariñ te ñu bare réere ko. Ca Saalum, mag ñi dañu daan wax ni dimb mooy ndawal. Te sax daan nañu ci am cere nuŋŋuti, daan ci am mutt su ñoraan. Leegi nit ñi yàq nañu àll bi yaxeet ; kon nanu farlu, jëmbat ay dimb.

# ng nk nc nt nq

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | ng | nk | NJ | ng | MB | nc |
| ▲ | nk | nq | nt | ng | nk | nt |
| ■ | nd | nc | ng | nk | Nd | ng |
| ● | MP | Ng | nt | nc | nk | mb |
| ♥ | nk | nc | Nj | nt | nc | nc |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | xénc | lónq | kunk | punt | cànc |
| ▲ | anq | ent | énk | unc | enc |
| ■ | bung | unc | ënc | ónt | pent |
| ● | bang | bunq | onc | énq | onq |
| ♥ | unt | ànc | éng | mong | lant |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | lonku | dëng | sant | rënk |
| ▲ | lanc | ponk | onk | xant |
| ■ | làng | tàng | tanq | bank |
| ● | dunq | dénkal | fonkal | ming |
| ♥ | xànq | ténq | sànk | jéng |

Weñ gu lunk la jël dàjji bunt bi caabi ji réer.

Tey, jënd na bénqal ca màrse ba def ko ci maccaat mi.

Waajuri Mari ak Badu fonk nañu lool seen muse bi leen di jàngal.

Keroog bi ma demee tool, witt naa màngo yu bare ak lonku bu gudd.

Bés bu ne, xale war na dugg ci duus sangu, sol yére yu set.

Xale yi bég nañu ndax seen muse jox na leen ay kaye yu bees. Sama baay tabaxal na Mari néeg bu rëy te rafet ci ndoortel nawet bi. Néeg bi dafa am kuraŋ buy tàkk guddi di nu leeralal su nuy jàng. Moo tax poñ yu baax lañuy am ekool, sunuy waajur bég ci loolu.

Omar ànd na ak Mari dem wuti xar ca daral ba. Tànn nañu xar mu weex mu rëy, waaye dafa seer. Jaaykat bi bañ naa wàññi njëg li ndax ne na xarum yar la. Omar gis na ne Mari bëgg na xar mi ndax mu ngi koy raay. Mu daldi koy fey.

# ññ ŋŋ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | Nd | ŋ | Ñ | mb | Ŋ | ñ |
| ▲ | ñ | nq | nc | t | nt | ñ |
| ■ | ŋ | Ng | ŋ | Nj | ng | nk |
| ● | Ñ | ŋ | nt | ŋ | nj | nq |
| ♥ | nk | Nj | w | ñ | ŋ | ñ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | puŋŋ | aññ | eññ | uññ | waŋŋ |
| ▲ | oŋŋ | biññ | ëŋŋ | soŋŋ | woŋŋ |
| ■ | luŋŋ | eŋŋ | tuññ | doññ | ëññ |
| ● | loŋŋ | liññ | dàññ | aññ | seññ |
| ♥ | boŋŋ | réŋŋ | roŋŋ | suññ | wiññ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | dàŋŋ | fuññ | fàŋŋe | xàññ |
| ▲ | làññ | doŋŋ | dàŋŋal | sëŋŋ |
| ■ | fàŋŋ | ràññee | nàññ | gàññ |
| ● | wëŋŋ | xoññ | xàŋŋ | luññi |
| ♥ | tëŋŋ | jàŋŋ | ràññe | lóŋŋ |

★ Kenn du xaar ba ñu soññ ko muy soog a liggeey.

▲ Ci sunu jamono jii, rajo yaa ngi ni gàññ wuute lool ak bu jëkk.

■ Yëkk wi jiitu ci kanamu gétt gi mu ngi taxaw ni nàññ ca kow.

● Boroom oto dafay ànd ak teey ba yoon wi ni yàŋŋ mu ne yor.

♥ Ñu bare su ñu amee xaalis dañuy jënd ak a maye ba mu ne pëŋŋ.

★ Sunu waa kalaas dañoo juboo. Ci suba si, ku ñëw nuyoo. Su Muse duggee nun ñépp ay jóg. Su nu génnee kalaas bokk di fo.

▲ Garab dafa am solo ci dundu nit. Dafay joxe ker, ngelaw ak meññeef. Dina maye bant ak lekku mala. Naaj wi tàng keram seral nu. Garab dafay indi taw ak naataange.

# jj yy ww

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | y | nd | Y | w | NJ | nt |
| ▲ | j | w | W | j | ŋ | j |
| ■ | y | nq | ñ | mb | j | Ng |
| ● | J | ŋ | w | y | Mb | y |
| ♥ | w | j | w | Nd | j | nc |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | tiyy | sëjj | doyy | nijj | oww |
| ▲ | ójj | ëjj | oyy | uyy | uww |
| ■ | ayy | mëww | eyy | bëww | àyy |
| ● | xiyy | niww | jojj | éww | ijj |
| ♥ | bëjj | rijj | nuww | ajj | nuyy |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | wujje | mujjal | tàyyeel | dàjj |
| ▲ | jaww | xoyyi | layy | tàyyi |
| ■ | bàjjen | xejj | làyyi | lijjanti |
| ● | nàyyi | jàjj | dàjji | bàww |
| ♥ | gàjjen | gejj | bàyyi | xàjji |

★ Roppalaan ci jaww ji lay naaw di yóbbu ñiy tukki.

▲ Bi caabi néegam réeree mu seet ko gisu ko dafa dàjji buntam.

■ Yére yi sama maam bóoy di sol leegi yépp dañoo xewwi bu yàgg.

● Soo bëggee am lijaasa yi ngay wut ci sam njàng waruloo tàyyeel benn yoon.

♥ Jigeen ji wàjj na yàpp wi ci waañ wi séddale ko ci ay bool.

★ Sama làkki réew yépp laa fonk.
Am na lu mat ñeenti làkk yu ma degg di ko wax. Su ma demee ci biir réew mi, dinaa déggante ak nit ñu bare. Xam-xam yu bare laay jànge ci waxtaan yi may amal foofu.

▲ Sama yaay dafa jënd nag wu ndaw.
Yar na ko, di ko jox lekk ba mu màgg ba am doom. Bi doom ji màggee mu jaay ko jëndaat yeneen nag yu ndaw. Bi mu yaree yooyu ba ñu màgg mu jaay leen jënd yeneen. Noonu la bëgg a def ba am géttu nag gu rey.

# h

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ★ | h | H | Nd | ñ | N | nt |
| ▲ | nk | M | w | l | Y | nc |
| ■ | nq | Q | mb | n | S | w |
| ● | H | j | Nj | s | ñ | L |
| ♥ | ŋ | nc | W | o | x | nq |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ★ | hap | hir | hur | hem | hós |
| ▲ | hun | hëd | hul | his | hëg |
| ■ | hé | han | héd | hép | hag |
| ● | hós | hun | hób | hel | hil |
| ♥ | hë | hol | hën | hém | hód |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ★ | huute | hëmb | hudd | hàgg |
| ▲ | hàntu | hàkk | hut | hoto |
| ■ | hagsi | hupp | hubbi | hinde |
| ● | hàcc | hogg | habal | hasib |
| ♥ | hor | hëkk | hunk | hëtt |

★ Leegi hàll yi hamatuñu hay garab yu mag ak rabi àll.

▲ Xarit yuy hànd su ñu bëggee yàgg, waruñoo nëbbante lu ñuy def.


■ Bu nu heewoo suba, bëgg naa dem Kafrin hutali sama xar yi rippaas.

● Farlul hupp taal bi mu boy, sama hañ bi dafa naaje lool tey.

♥ Gaawal hindil ma ñalaŋ ji ma lekk ci ba suur, damaa xiif ba gisatuma.

★ Réew-taax, bérabu dox daje la. Nit ñu bare ca ña fa nekk, juddoohuñu fa. Ku ci ne dafa ñëw, jàngsi, doxsi soxla walla mu liggeeysi. Soo fa nekkee te defuloo ndànk, dinañu la nax.

▲ Deel lekk lu baax dafay maye wér. Moytul suukar su bare te deel boroos say bëñ bés bu ne. Nangay faral di lekk ay lujum ak i meññeef, di tukki ak a féexal sa xel. Na diwlin ji di yem te bu mu tàng bay bax ci sunuy togg. Defal luy yaatal sa xel ak sa xam-xam, jàng téere, seetaan lu baax li leen neex.




# Ekool dafay ubbi

Tey la ekool di ubbi. Ren, ñaareelu kalaas bi la xale yi di nekk. Solu nañu ba rafet. Seen yaay jàppale leen ñu defar seen i saag. Téye na Badu ci bii loxo, seexam ca ba ca des, ñu jëm ekool. Ci yoon wi, xale yi di wej-weji, di woyantu sax leeg-leeg : « Noo ngi dellu ekool ! Ekool ubbi na ! »

Ba ñu jubee ekool, ñu gis mbooloo. Ñii otoo leen indi, ñeneen ñi di dox. Ñu àndandoo dugg ci ekool Waali Fata.

Muse Jonn, Njiitu ekool bi sargal leen. Ba elew ya eggee seen buntu kalaas, ñu séen Madam Jàllo mi leen di jàngal. Mu muuñ dalal leen. Xale yi, séen xel dal.

Ci la seen yaay nuyu Madam Jàllo, jàmmante ak moom. Noona, mu tàggu leen.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**woyantu :** di woy ay woy yu gàtt.
**jàmmante :** ku nekk laaj sa jàmmu moroom ci biir nuyoo.
**dalal :** teeru nit, wax ak moom, jox ko fu mu toog.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **tàggu** | **daldi** | **Madam Jàllo.** | **Seen yaay** |

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**seex** **téye**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**bare** **indi**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa àrduwaas.

**sargal, nuyu, dàq, muuñ, dalal**

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñaata otoo nekk ci kanamu ekool bi ?

**Tontu yi :** A : Benn oto. B : Ñaari oto. C : Ñetti oto.

2. Nan la ekoolu Mari ak Badu tudd ?

**Tontu yi :** A : Xaali Fata. B : Waali Fara. C : Waali Fata

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ndax Mari ak Badu jaaxle nañu ?

   **Tontu yi :** A : Mari ak Badu dañoo jaaxle.
   B : Mari ak Badu seen xel dafa dal.
   C : Mari ak Badu dañoo mer ba futt.

2. Ku xale yi jëkk a gis bi ñu duggee ci ekool bi ?

   **Tontu yi :** A : Muse Jonn, Njiitu ekool bi.
   B : Madam Jàllo mi leen di jàngal.
   C : Muse Saane mi taxaw ci ëtt bi.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lan moo dalal xelu xale yi ?

   **Tontu yi :** A : Madam Jàllo mi leen xool.
   B : Madam Jàllo mi muuñ.
   C : Madam Jàllo mi leen won ginnaaw.

2. Ndax Madam Jàllo xam na yaayi Badu ak Mari ?

   **Tontu yi :** A : Madam Jàllo xamul yaayi Badu ak Mari.
   B : Madam Jàllo xam na yaayi Badu ak Mari.
   C : Madam Jàllo musul a gis yaayi Badu ak Mari.


### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Mari ak Badu ñoo ngi ci yoonu ekool di daw.
2. Badu ak Mari dañoo seen elew yi ñuy jàng.
3. Mari ak Badu ñoo ngi ci yoonu ekool di woyantu.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.




1. Mari ak Badu ñu ngi ci yoonu ekool.
2. Badu ak Mari ñu ngi dugg ci ekool bi.
3. Mari ak Badu ñu ngi ci kër gi.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Dox mbokk

Gaawu bii weesu, xale yi dañu àndoon ak seen i waajur Saaña Mbaar. Seen doomu bàjjan ju am ñaar–fukki at lañu doon takk. Bi ñuy ñibbi, Omar ne ñu jaar Sikilo ca tànta Nafi. Ba ñu àggee ca kër ga, ay xale lañu fa fekk.

Noona, xale ya daw hoo Nafi. Mu bég, teeru ganam yi, ne : « Haa, lii de mbégte la ! »

Omar ne : « Mbégte mi fii la ëppe, dañu la doon nuyusi »

Nafi dellu ne : « Agsi leen. Maa ngi woo xale yi ñu toggal leen ginaar. Tey moom, fii ngeen di añe ! »

Yaay Astu àddu : « Bàyyil ba beneen nu yendul la ? »

Nafi ne : « Kon nag, yóbbaale leen seen ginaar, togg ci ceeb bu saf. »

# Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**mbégte :** bànneex.
**àddu :** wax sooy tontu walla ngay wuyu.
**yendu :** nekk fenn suba ba ngoon.

## I. Ma tekki

### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **hoo** | **Xale ya** | **nañu** | **daw** | **Nafi.** |

### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **ëppe** **teeru**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **biir** **saf**

### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| |
|---|
| **togg, tukki, ceeb, maafe, ginaar, cere** |

## II. Ma dégg li jukki bi ëmb

### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan la xale yi nekk ci nataal bi ?

   **Tontu yi :** A : Ci dëkk bi ci pénc mi.
   B : Ci genn kër ci dëkk bi.
   C : Ci genn kër ci ëtt bi

2. Yan mala ñoo nekk ci ëtt bi ?

   **Tontu yi :**

A : Lëg - ginaar - njomboor. B : Séq - ginaar - njomboor. C : ginaar - naat - njomboor

### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan la xale yi jaar ba ñuy ñibbi ?

   **Tontu yi :** A : Saaña Mbaar ci seen tànta Nafi.
   B : Ca seen doomu bàjjan.
   C : Sikilo ca seen tànta Nafi.

2. Ndax Nafi ku mën a toppatoo gan la ?

   **Tontu yi :** A : Déedeet, ndax ginaar rekk la may gan ñi.
   B : Waaw, ndax dafa bëggoon téye gan ñi ñu reer, fanaan.
   C : Waaw, ndax dafa bëggoon a téye gañ ñi, toggal leen añ.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lu tax xale yi demuñu jàngi di ànd ak seen pàppa ?

   **Tontu yi :** A : Dañuy takk seen doomu bàjjan.
   B : Bésub gaawu, xale yi duñu dem ekool.
   C : Bésu gaawu boobu, dañoo teeloon a wàcc.

2. Ki ñuy takk, xale la walla mag la ?

   **Tontu yi :** A : Mag la lool.
   B : Weesu na sëy.
   C : Xale bu tollu ci sëy la.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Tànta Nafi bég na ba ko càmmiñam dénkee njabootam.
2. Tànta Nafi bég na ba mu gisee càmmiñam ànd ak njabootam.
3. Tànta Nafi bég na ba xale yi yendoo ci këram.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Xale yi ñu ngi dàq ginaar gi.
2. Xale yi jàpp nañu ginaar gi.
3. Xale yi indi nañu ginaar gi.



### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Bés bu dellusi

Mbutum am mbote la. Mari bëgg ko lool. Tey la bés bi mu juddu woon dellusi. Mari dajale na malay kër gi : Maakóoli béy, Lëg njomboor ak Ganooy ginaar. Nee na it Mbott na ñëw.

Bi ñu dajee, mu ne leen ñu jàppale ko ci xumbeeli bés bi. Mala yi sawaar lool, ne Mari na génne Mbutum kër gi. Booba, bëgguñu mu yëg li ñu ko nar a defal. Bi Mari ak Mbutum di doxantu, mala ya di toppatoo xew wi.

Bi ñaari xarit yi dellusee, fekk nañu lépp yemb. Tàmbo Mbott woy : « Bés bu dellusi moo neex ! Ngooxii-ngoox Mbutum ! »

Ginnaaw bi, xarit yi lekk meññeef yi Njomboor indi, ngato ràkkal bu neex bi Maakóoli defar ak dugub ji Ganooy joxe. Mbutum kontaan na !

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**xumbeel :** liy neexal xew-xew, ay xumb-xumb.
**lépp yemb :** lépp mat, lépp noppi, lépp yegg.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| **jàppale** | **Bëgg na** | **ñépp** | **ko.** |
|---|---|---|---|

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **dellusi** **kontaan**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **dem** **dajale**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| **bég, xumbeel, jàppale, xeer, neex, kontaan** |
|---|

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñu nekk ak Mari ci nataal bi ?

   **Tontu yi :** A : Mbott, Béy, Mbote ak Ginaar.
   B : Ginaar, Lëg, Xaj, Béy ak Mbote.
   C : Badu, Mbote, Béy, Ginaar, Mbott.

2. Lu Mari nar a def ak malay kër gi ?

   **Tontu yi :**

A : Fo ak ñoom B : Doxantu C : Defal xew xaritam

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Kan mooy Mbutum ?

   **Tontu yi :** A : Am kuuy la
   B : Xar mu ndaw a ndaw la..
   C : Xar mu màggat la.

2. Lan mooy wone ni Mari jàmm la séq ak mala yi ?

   **Tontu yi :** A : Mala yi dañoo bañ ne duñu ko jàppale.
   B : Mala yi kenn nanguwul a ñëw ci xew wi.
   C : Mala yi mu woo yépp ñëw nañu dimbali ko ci bés bi.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Xumbeel yi Mari defal Mbutum lu muy wone ?

   **Tontu yi :** A : Dañoo juboowul.
   B : Dañoo déggoo.
   C : Dañoo bañante.

2. Li Mari defal Mbutum loo ci jànge ?

   **Tontu yi :** A : Am xarit amul njariñ.
   B : Ku nekk war nga am xarit te di ko toppatoo.
   C : Ku nekk war nga am xarit te di xuloo ak moom.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Mari dafa xaritoo ak Mbutum.
2. Mari xartoowul ak Mbutum.
3. Badu mooy xaritu Mbutum.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Mari ak xaritam yi ñu ngiy woy.
2. Mbote mi mu ngiy nangu kado yi ñu koy jox.
3. Mbote mi mu ngiy joxe kado.




### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Xeex sibbiru

Tey ci dibeer ji, Mari ak seexam Badu dañoo dem seeti Wiktoor seen benn waa kalaas. Dafa toog ñetti fan jàngsiwul. Ba ñu àggee, ñu fekk Wiktoor mu sibbiru. Yaayu Wiktoor ne leen bu ñu ko nuyu ndax sibbiru lu gaaw a wàlle la. Xale ya jaaxle ànd ak naqar, dem ñibbi.

Ba ñu àggee, Mari nettali yaayam li dal Wiktoor. Mu ne xam na ne sibbiru la ndax Bàjjanu gox bi doon na ko waxtaane. Badu ne Madam Jàllo waxoon na leen ni ñuy def ba mucc ci sibbiru te nag bañ a nuyu Wiktoor bokku ci. Li ci njëkk daal mooy fegu, moytu ndox yu taa, setal kër yi.

Mari ak Badu ne seen yaay war nañoo nelaw ci biir sànke yu ñu nàndal. Ñooy aar ci yoo yiy joxe sibbiru.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**mucc ci sibbiru :** sibbiru bañ la dal.
**fegu :** fexe ba dara bañ la dal, aar sa bopp, fagaru.
**sànke bu ñu nàndal :** sànke bu ñu tooyal ak luy dàq yoo.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| ñetti fan | jàngsiwul. | Wiktoor | toog na |
|---|---|---|---|

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**jaaxle** **jëkk**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

**gaaw** **naqar**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

**bañ a tëdd ci sànke, fegu, fagaru, xeex sibbiru, tëdd ci sànke**

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan la xale yi nekk ?

**Tontu yi :** A : Ñu ngi ci biir kër gi.
B : Ñu ngi ci biir ekool bi.
C : Ñu ngi ci biir kalaas bi.

2. Lu xale yi di def fi ñu nekk ?

**Tontu yi :** A : Dañu tëdd ci sànke di xoole.
B : Dañu tëdd ci sànke di nelaw.
C : Dañu génn sànke yi di nelaw.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Kan la Mari ak seexam dem seeti ?

   **Tontu yi :** A : Yaayu Wiktoor.
   B : Wiktoor.
   C : Madam Jàllo.

2. Lu dal Wiktoor ?

   **Tontu yi :** A : Dafa wànnent.
   B : Dafa sibbiru.
   C : Dafa soj.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ndax Mari ak seexam xam nañu lu dal Wiktoor bi ñuy dem di ko seeti ?

   **Tontu yi :** A : Xamuñu ko woon.
   B : Bindoon nañu ko.
   C : Xamoon nañu ko kay.

2. Ndax nit ku sibbiru soo ko nuyoo di na la wàll ?

   **Tontu yi :** A : Du la wàll soo ko joxul loxo.
   B : Dina la wàll kay, ci bu gaaw sax.
   C : Du la wàll, sibbiru yoo moo koy yóbbu ci nit.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ba ñu àggee, Mari nettali yaayam li dal Wiktoor.
2. Ba ñu àggee, Mari liyaar yaayam li dal Wiktoor.
3. Ba ñu àggee, Mari nëbb yaayam li dal Wiktoor.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Liir bi nelawul ci biir sànke.
2. Yoo yi ñu ngiy màtt liir bi.
3. Liir baa ngiy nelaw ci biir sànke bi.



### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Ca fajkatu bëñ ba

Maas doomu Nafi yeewu na kenn xàmmeewu ko. Lexub càmmooñam bi moo newwee newwi ba bët bi suulu. Ñu war koo yóbb ca fajkatu bëñ ba.

Bi ñu àggee, Doktoor Caam ne Maas mu yéeg ci lal bi mu koy seete. Maas am xell ñaar ba ci yàgg takk fitam, yéeg ci lal bi. Doktoor bi ne ko : « Bul yëngu, laaluma bëñ bi. Tijjil sa gémmiñ tuuti rekk. » Maas ŋaaŋ.

Mu tiim ko, yàkki ŋaam yi ndànk ak loxoom ya mu sol ay gaŋ. Nees tuuti, mu siggi ne : « Lii amul solo, bëñ bu tàmbalee bënn la. Dañu ko war a toppatoo. Balaa ngay dem, ma bindal la garab yuy faj jàngoro ji. Loolu dina reesal lex bi. »

Ci noonu, mu dimbali Maas mu jóg. Ginnaaw ba, mu jox baayam ordonaas ba mu ko bindal.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**bët bi suulu :** bët bi newwi ba kenn mënatu koo gis.

**ŋaaŋ :** tijji sa gémmiñ.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **reesal** | **dina** | **lex bi.** | **Loolu** |

#### b. Ma rààñee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **suulu** **jàngoro**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **newwi** **yàkki**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| |
|---|
| **lex bu newwi, bëñ buy metti, xàqataay, ordonaas** |

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñan ñoo nekk ci nataal bi ?

   **Tontu yi :** A : Omar ak Maas a ci nekk
   B : Maas ak Doktoor Caam a ci nekk.
   C : Maas ak Omar a ci nekk.

2. Ñaar ñi nekk ci nataal bi lu ñu séq ?

   **Tontu yi :**

A : Waxtaan B : Paj C : Lekk

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Nu Maas yewwoo ?

   **Tontu yi :** A : Dafa kontaan lool.
   B : Mettitu bëñ la yeewuwaale.
   C : Benn bëñam mettiwul.

2. Lu doktoor bi wax Maas ?

   **Tontu yi :** A : Dara jotu ko.
   B : Dafa am bëñ bu tàmbalee bënn.
   C : Yaramam mooy metti, dara jotul bëñ bi.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Luy indi bëñ bu bënn ?

   **Tontu yi :** A : Lekk gu bariwul dina ko indi.
   B : Bañ a setal sa bëñ dina ko indi.
   C : Nelaw yu doyul dina ko indi.

2. Ndax Maas dina am garab yu muy jëfandikoo ca kër ga ?

   **Tontu yi :** A : Déedeet, ndax doktoor bi joxu ko ay garab.
   B : Waaw, ndax am na garab yu mu war a jënd.
   C : Waaw, ndax doktoor bi dafa ko may ay garab.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Garab yi dinañu reeseal lex bi.
2. Garab yi dinañu yokk newwi-newwi bi.
3. Garab yi dinañu bënn bëñ bi.

### d. Ma lëkkale



Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Mari mu ngiy raxas boppam.
2. Mari mu ngiy boros ay bëñam.
3. Mari mu ngiy sëlmu.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Sunu kalaas bu bees bi

Ekool Waali Fata, fa Badu ak Mari di jànge, dafay faral di am ndam ci joŋante yi. At mu ne, xale yiy dugg di gën a bare. Wànte ekool bi dafa yàgg te bariwul kalaas. Yàggatul dara, elew yi dootuñu fa xaj. Moo waral Direktëer bi Muse Jonn tabaxlu kalaas bu bees.

Ren, ñenn ci elew yi dinañu dem ci kalaas bu bees boobu. Benn bés, Espektëer ñëw ànd ak kilifay koñ bi, ak njiitul mbooloom waajuri elew yi ak Meer bi ngir ñu daloo kalaas bu bees boobu.

Mari ak Badu bokkoon nañu ci elew yi raŋoon di teeru njiit yooyu. Kilifa yi dugg ci kalaas bi, toog ci kanam. Meer bi nekk ci wetu Espektëer ak jàngalekat yi. Ñoom ñépp a solu ba jekk. Ñu ngi tooñ elew yi ci mbégte mi ñu am ci am tablo bu wert, armuwaar bu rafet bi ak baŋ yu bees tàq yi. Meer bi digal na it elew yi ñu toppatoo bu baax seen kalaas bi. Ñoom ñépp ne dinañu ko def.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**ndam (am) :** am li ngay wut walla loo bëgg.
**tabaxlu :** wax nit mu defaral la ab tabax.
**xaj :** am fu ñu fa mën a nekk, yaatu.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| bi | kukk. | dafa | Tablo | ñuul |
|---|---|---|---|---|

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**teeru** **daloo**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

**bég** **bees**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

**espektëer, meer, jaaykat, elew, waajur**

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ki taxaw di wax kan la ?

**Tontu yi :** A : Direktëeru ekool bi la.
B : Meeru dëkk bi la.
C : Ki jiite waajuri elew yi la.

2. Ekool Waali Fata nu mu mel ?

**Tontu yi :** A : Dafa bees tàq.
B : Dafa yàgg lool.
C : Dafa rëy lool.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ndax ekool bi am na kalaas yu doy ?

   **Tontu yi :** A : Kalaas yi doy nañu, elew yi xaj nañu fa.
   B : Kalaas yi doyuñu, waaye elew yi xaj nañu fa.
   C : Kalaas yi doyuñu, leegi elew yi dootuñu fa xaj.

2. Nan la jàngalekat yi nekk ci xew wi soloo ?

   **Tontu yi :** A : Dañoo sol yére yu màggat.
   B : Dañoo solu ba jekk, ñëw toog.
   C : Dañoo solu ñëw toog.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ndax elew yi bokk nañu ci ndaje mi ?

   **Tontu yi :** A : Déedeet, elew yi bokkuñu ci ndaje mi.
   B : Elew yi teeruwuñu gan ñi.
   C : Elew yi ñoo raŋoon di teeru kilifa yi.

2. Lu waral njiit yi ànd ñëw ci xew wi ?

   **Tontu yi :** A : Dañoo ñëw toog ak waajur yi ci kalaas bi.
   B : Dañoo ñëw seetsi kalaas bu bees bi.
   C : Dañoo ñëw daloo kalaas bu bees bi.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. At mu ne, limu xale yi du yokku.
2. At mu ne, limu xale yiy dugg di gën a yokk.
3. At mu ne, limu xale yiy bàyyi jàng di gën a yokk.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Xale yaa ngi jox Meer caabi yi.
2. Perefe mu ngi jox caabi yi xale yi.
3. Meer a ngi jox caabi yi xale yi.



### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Ngéntel doomu Ami Kolle

Tey la bésub ngénte li. Tànta Ami Kolle moo am doom. Dafa teel a jóg, sangu, defaru. Léttkat bi dafa njëlu, defaral ko maab yu rafet. Mu ngi sol yére bu am lu roos, dugal lu wert. Puudar nañu kanam gi. Boo ko gisee mi ngi rafet mel ne jinne. Jaaro loxoom yaa ngi tàkk. Caqu wurus bu rafet la takk. Jaaro yu wërngëlu te rëy ñu ngi lang ci noppam yi.

Abdu, liir bi moom yére yu rafet lañu ko solal, lëmëse ko sér bu weex. Kër gi fees na dell, woy yiy jolli. Lal nañu ay basaŋ yu rëy, teg ay siis. Ñépp am nañu fu ñu toog.

Kooraaa yaa ngi xalam, jigeen ñiy yaggaayu. Ñu ngi woy di tagg Ami ak yaayam. Tama yi dar leen. Nit ñi di tàccu.
Moo ! Xoolleen Badu, Wiktoor, Faana, Majigeen ak Duudu. Mënatuñoo téye seen bopp.

Bi ngoon jotee, Ami soluwaat, gën a rafet. Ñépp a bég. Ngénte lu mel ni gëj na fee am.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**njëlu :** teel a jóg ci fajar.
**jolli :** jóg ca kow, xumb, ñu koy gën a dégg.
**yaggaayu :** yëngal mbagg walla di jaayu.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| caqu wurus | Ami | bu rafet. | takk na |
|---|---|---|---|

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**dar** **lëmëse**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

**takk** **solu**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| ngénte, xuloo, sañse, defaru, solu, tama |
|---|

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Kan moo téye liir bi ?

**Tontu yi :** A : Jigeen ju rafet a ko téye.
B : Jigeen ju màggat a ko téye.
C : Maam ju jigeen jee ko téye.

2. Lan la nit ñi di lekk ?

**Tontu yi :** A : Fonde lañuy lekk.
B : Laax lañuy lekk.
C : Ruy lañuy lekk

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Kan moo am doom ?

**Tontu yi :** A : Faana.
B : Ami Lobe.
C : Ami Kolle.

2. Ñan ñoo xumbal ngénte li ?

**Tontu yi :** A : Ñiy riiti ak ñiy tëgg tamaa ko xumbal.
B : Ñiy woy ak ñiy tàccoo ko xumbal.
C : Ñiy kooraaa, ñiy tëgg tama ak ñiy woy a ko xumbal.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Nan la liir bi tudd ?

**Tontu yi :** A : Abdu la liir bi tudd.
B : Mari la liir bi tudd.
C : Badu la liir bi tudd.

2. Ñan ñoo doon fecc ci ngénte li ?

**Tontu yi :** A : Jigeen ñi kesee doon fecc.
B : Badu, Wiktoor, Faana, Majigeen ak Duudu doon nañu fecc.
C : Woykat yi ñoo doon fecc.


### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ngénte li bare na nit ba faf naqari.
2. Ngénte li xumb na waaye ñépp a mer.
3. Ngénte li neex na, ñépp a bég.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.



1. Kooraa gi am buum ak leket gu rëy.
2. Kooraa gi amul buum waaye am na leket gu rëy.
3. Kooraa gi amul leket waaye am na buum yu gudd.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Maam Ndeene Ndaw

Maam Ndeene Ndaw mooy pàppay Omar di maamu Mari ak Badu. Mbaaxam gi foo ko natt weesu na ko. Fi mu dëkk ci Kafrin, dëkkandoom yi dañuy faral di ñàkk a déggoo yenn saa yi. Waaye fu coow am, Maam Ndeene dem na fa jubale nit ña. Loolu tax na sax leeg-leeg ñu woo ko ngir mu defar diggante yu yàqu yi.

Ca dëgg-dëgg, Maam Ndeene, mag mu baax la. Jub na, dëggu na. Dëgg rekk a ko ñor. Xamul wor, du teg coono kenn, du naxe. Bu sañoon, dëkk yépp naat, népp am jàmm. Da doon soññ xale yiy jàng bu baax ngir ñu am ndam ba bu ëllëgee ñu am lu ñu liggeey.

Maam Ndeene, boo ko séenee muy dem, doo ko jox mukk at yi mu am. Dox bu gaaw lay dox. Ñàkkul li mu demoon soldaar a tax. Bu ñu la waxoon ne am na juroom-fukki at ak juroom, doo ko gëm. Bu dul woon sikkimam bu weex bi, doo xam ne màggat na. Yenn saa yi, mu bett ñépp, sañse, sol xaftaan bu rafet, kolu mbaa mu kaalawu.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**coono :** li nit di yëg su sonnee.
**naat :** yokku, jëm kanam, gën a baax.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| tegul | coono. | Maam Ndeene | kenn |
|---|---|---|---|

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**natt** **dëggu**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

**gëm** **jàmm**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| jub, baax, dëggu , siis, rafet xol |
|---|

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñan ñoo nekk ci nataal bi ?

**Tontu yi :** A : Maam Ndeene, Badu ak yeneen xale.
B : Maam Ndeene, Badu, Mari ak yeneen xale.
C : Maam Ndeene ak yeneen xale.

2. Lan la Maam Ndeene sol ?

**Tontu yi :** A : Mbubb mu gudd mu bulo mu rafet la sol.
B : Mbubb mu gàtt mu bulo mu rafet la sol.
C : Mbubb mu gudd mu weex mu rafet la sol.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan la Maam Ndeene dëkk ?

   **Tontu yi :** A : Kawoon.
   B : Kawlax.
   C : Kafrin.

2. Ñaata at la Maam Ndeene am ?

   **Tontu yi :** A : Juroom-fukki at la am.
   B : Juroom-fukki at ak juroom la am.
   C : Juroom-ñaar fukki at ak juroom la am.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Kan mooy pàppay Mari ak Badu ?

   **Tontu yi :** A : Maam Ndeene moo jur xale yi.
   B : Badara moo jur Badu ak Mari.
   C : Omar moo jur Mari ak Badu.

2. Ban taxawaay la Maam Ndeene am ci dëkk bi ?

   **Tontu yi :** A : Jigeen ñi kesee doon fecc.
   B : Badu, Wiktoor, Faana, Majigeen ak Duudu doon nañu fecc.
   C : Kilifa guy xuloo ak nit ñi la.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Maam Ndeene doon na defar diggante yu yàqu yi.
2. Maam Ndeene doon na defar kër yu yàqu yi.
3. Maam Ndeene masul a defar diggante yu yàqu yi.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Maam a ngi sol mbubb mu wert.
2. Maam a ngi sol mbubb mu bulo ak mbaxana mu mboq
3. Maam a ngi sol mbubb mu bulo ak dàll yu mboq.




### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Toolu ekool bi

Ekool Waali Fata am na tool bu mag. Njëmbatu meññeef yu bare la def ak ay lujum.

Ci bunt bi, seetlu nañu fa garabi màngo yu sëq, am ker, ne gicc ak doom yu ñor xomm. Yenn yi dañoo ñor bay tàbbi. Am na sax elew yu leen di for ngir bañ ñu nëb foofu.

Ca kanam, la pàppaaya yi raŋaloo ci wetu wenn yoon. Ñu ngi janoo ak genn garabu limoŋ gu car yi wàcc ba jege suuf, yor doom yu bare yu dem ba mboq. Mën nañoo gis ne ñàkkuñu ndox. Ca ginnaaw, ca fa yoon wa yem, ay banaanaa fa nekk. Weeni baanaana yaa ngi lang.

Ci geneen wet la palaŋi lujum yi féete. Am na fa ay karoot, nawe, suppome, batañse ak sax naana. Su lujum yi ñoree, kopperaatiiwu ekool bi dafa koy jaay yenn saa yi. Ñoom Mari ñiy denc xaalis bi bànk dina am lu ñuy génne leeg-leeg ngir jàppale kàntinu ekool bi.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**ne gicc :** lu meññ lu bari, lu ne guuj.
**ñor bay tàbbi :** ñor bay wadd, bay rot.
**weeni banaana :** ay doomi banaana yu ànd bokk car bu ñu sax.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **banaana** | **yi** | **ñu ngi** | **Weeni** | **lang.** |

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**janoo** **féete**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

**ker** **raŋaloo**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| |
|---|
| **njëmbat, tàyyi, lujum, pàppaaya** |

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lan moo am ci ëttu ekool bi ?

**Tontu yi :** A : Ñax a fa am.
B : Tool a fa am.
C : Suuf a fa am.

2. Lan lañu bey ci ëttu ekool bi ?

**Tontu yi :** A : Meññeef ak lujum lañu fa bey.
B : Gerte lañu fa bey.
C : Dugub lañu fa bey.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan la garabi màngo yi féete ?

   **Tontu yi :** A : Ci diggu tool bi lañu féete.
   B : Ci wàllaa lañu féete.
   C : Ci bunt bi lañu féete.

2. Ñan ñooy denc xaalisu kopperaatiiwu ekool bi ?

   **Tontu yi :** A : Ñoom Mari ñooy denc xaalis bi.
   B : Muse yi ak madam yi ñooy denc xaalis bi.
   C : Direktëer mooy denc xaalis bi.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ndax ñoom Mari fu wóor lañuy denc xaalis bi ?

   **Tontu yi :** A : Ci bànk lañu koy denc, wóorul.
   B : Seen saag lañu koy denc, wóor na.
   C : Ci bànk lañu koy denc, wóor na.

2. Lu kopperaatiiwu ekool bi di doye xaalis bi ?

   **Tontu yi :** A : Dafa koy may waajuri elew yi ak jàngalekat yi.
   B : Dafa ciy dimbali ekool bi ci yi muy soxla.
   C : Dafa koy lebal waa ekool bi.


### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ci wetu yoon wi, amul benn palaŋu lujum.
2. Palaŋi lujum yee ngi féete ci wetu yoon wi.
3. Ci wetu yoon wi, benn palaŋu lujum féetewu fa.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.




1. Sàrdeñ bi am na ñaari raŋi pàppaaya.
2. Sàrdeñ bi genn raŋu pàppaaya la am.
3. Sàrdeñ bi amul raŋi pàppaaya.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.




# Ca gaaraas ba

Tabaski gi dëgmalsi na. Ñiy tukki ñépp jubali nañu gaaraas Bóo Marese. Badu ak Mari ñoom ñi wakaasi woon Ndakaaru dugg nañu xaat ci kaar biy jaar Kafrin. Fu nekk la ay nit jëm : Tuubaa, Kawlax, Ndar, Luga, Tàmbaa, Sigicoor, Kees ak fu nekk ci réew mi.

Ci yenn damar yi, fi ñuy aj bagaas yi fees na dell ak ay xar. Foo tollu dégg meemu xar yi ànd ak riiru mótoor yi. Yenn xar yi wàcce nañu leen. Yeneen yi ñoom, seen i boroom a ngiy wut oto yu ñu leen yóbboo.

Am na àpparante yuy woo tukkikat yi. Ñeneen ñi ñu ngiy aj ay bagaas ci kaw oto yi. Sóféer yi bëgg fu ñu jaar ba génn a ngiy korne. Njabooti lëmm ak seen i bagaas yàkkamti nañu am lu leen yóbbu ñu ñibbi. Jaaykati lonet, robb yu ndaw, sarbet ak yeneen i mbir a ngi won tukkikat yi njaay mi. Sunu ñaari xale yi coono bi ak tàngoor wi jàpp na leen waaye terewul ñu kontaan. Dañu yàkkamtee ñibbi Saalum.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**dëgmalsi :** jegesi, jubsi .
**daamar :** lu ñuy yéeg muy daw, am ay tànk walla ay pono. Ci jukki bi, ab oto la.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| na. | Tabaski | dëgmalsi | gi |
|---|---|---|---|

#### b. Ma rààñee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **wutali** **aj**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **yóbbu** **jàpp**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| kaar, bëñ, oto, bagaas, tukki, sófëer |
|---|

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fu ñu nekk ci natal bi ?

   **Tontu yi :** A : Ci wetu gaaraas bi lañu nekk.
   B : Ci buntu gaaraas bi lañu nekk.
   C : Ci biir gaaraas bi lañu nekk.

2. Ndax oto yépp ñoo bokk fu ñu jëm ?

   **Tontu yi :** A : Waaw, oto yépp Kafrin lañu jëm.
   B : Déedeet, oto yi Luga rekk lañu jëm.
   C : Déedeet, oto yi dëkk yu bare lañu jëm.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fu ñépp di dem duggi oto bu tabaski dëgmalsee ?

   **Tontu yi :** A : Gaaraasu Kolobaan lañuy dem.
   B : Gaaraasu Bóo Marese lañuy dem.
   C : Ci wetu gaaraasu Bóo Marese lañuy dem.

2. Fu ñaari xale yi nekk ?

   **Tontu yi :** A : Ñu ngi wut oto bu leen yóbb.
   B : Ñu ngi ci biir kaar bi leen di yóbb.
   C : Ñu ngi jënd sërica.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lu tax nit ñi bari, yàkkamti ?

   **Tontu yi :** A : Dañuy doxantu.
   B : Dañuy waxtaan.
   C : Dañoo bëgg a ñibbi.

2. Ndax xale yi namm nañu seen dëkk ?

   **Tontu yi :** A : Tuuti rekk lañu namm seen dëkk.
   B : Déedeet, Dakaar moo leen dàqal seen dëkk.
   C : Waaw, namm nañu seen dëkk lool sax.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Tabaski gi weesu na.
2. Tabaski gi dëgmalsi na.
3. Tabaski gi jotagul, des na.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.




1. Xar mi am béjjen yu rëy yi mu ngi ci biir oto bu wert bi.
2. Xar mi am béjjen yu rëy yi mu ngi ci kaw oto bu wert bi.
3. Xar mi am béjjen yu rëy yi mu ngi ci suufu oto bu wert bi.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Mbëru làmb mu mag

Ci ndoortel sàttumbar, mbeyu tool yi daanaka jeex nañu. Ci jamono jii, la mbappat di tàmbali. Xaley koñ bi ànd ak seen i mag ñëw seetaansi. Mbër yi jóge Kawlax ak ci dëkk yu jege yi ñëw Kafrin.

Junkum kenn la ci ñoom. Ku aay la ci bëre bu amul dóor. Nit ku njool la te am kàttan. Suy dox mel ne gaynde. Am na ndam ba tàyyi ci bëre. Gaalum mi yore raaya bi lay dajeel. Ñépp ne Junkum mi gën a njool, gën a diis, dina ko daan. Wànte Gaalum joxul wax jooju benn solo. Ba mu defee ay déebaa-déebam ba noppi, nekk na di wër géew bi di wone ni yaramam nangoo.

Bëre bi door na ginnaaw tàkkusaan. Bi arbiit bi nee pirr, Junkum dox wuti Gaalum. Taxul Gaalum tiit. Da koo njuuy. Bi Junkum bëggee jubbantiku, Gaalum dugg ci diggante tànk yi, yékkati ko ba ca kow, tëral ko ci suuf, mu ne ñareet. Làmb ji xar, ñépp yuuxu. Gaalum yékkati loxo yi, farandoo yi ñëw tungoom ko.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**farandoo :** ñi ànd ak moom.
**kàttan :** doole.
**mbappat :** làmb ju ñuy tëgg ci dëkk yi su nawet bi jeexee.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **moo** | **daan.** | **Mbër mi** | **xereñ** |

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

**njuuy** — **déebaa-déeb**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

**diis** — **yékkati**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

**géew, bëre, simb, bàkku, daanu**

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ci ñaari mbër yi, ku ci ëpp doole ?

**Tontu yi :** A : Ki ci ndeyjoor moo ëpp doole.
B : Ki ci càmmooñ moo ëpp doole.
C : Ñaari mbër yi ñoo tolloo doole.

2. Nu Junkum mel ?

**Tontu yi :** A : Dafa njool, am doole.
B : Dafa gàtt, sew ruuj.
C : Dafa njool, sew ruuj.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lu waral ñu defe woon ni Junkum mooy daan Gaalum ?

   **Tontu yi :** A : Junkum mënul bëre mbappat.
   B : Junkum moo gën a diis, gën a njool.
   C : Gaalum dafa njool, diis, yore raaya bi.

2. Lan la Gaalum def bi mu ñëwee ci làmb ji ?

   **Tontu yi :** A : Gaalum dafa fàttee def ay déebaa-déebam.
   B : Gaalum dafa doon bàkku di xaar bëre bi door.
   C : Gaalum dafa def ay déebaa-déebam.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Kan moo jëkk a song ci ñaari mbër yi ?

   **Tontu yi :** A : Junkum lañu song.
   B : Gaalum moo jëkk a song.
   C : Junkum moo riir wuti Gaalum.

2. Nan la ñi far ak Gaalum mujj def ?

   **Tontu yi :** A : Dañoo bég, yenu Gaalum.
   B : Dañoo fanaan ci làmb ji di waxtaan.
   C : Dañoo dem këram toog fa ba mu guddi.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Ci wetu yoon wi, amul benn palaŋu lujum.
2. Palaŋi lujum yee ngi féete ci wetu yoon wi.
3. Ci wetu yoon wi, benn palaŋu lujum féetewu fa.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.




1. Gaalum dafa koo mbotti, mu ne ñareet.
2. Junkum dafa koo mbas, yékkati ko ba ca kow, tëral ko ca suuf.
3. Gaalum dafa dugg ci diggante tànk yi, yékkati ko, daaneel ko.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Powum « Kàmb-géej »

Xale yi dégg nañu ñuy wax powum « kàmb-géej » waaye xamuñu ci dara. Ba ko seen nijaay Asan yëgee, la leen woo, ne leen : « Dinaa leen xamal po mi. Jàppleen lii ma leen di wax :

- **Jumtukaay yi :**
  - Balu teŋs
  - kàmb (yu ñu gas) yu seen lim méngoo ak limu ñiy joŋante.
- **Limu ñiy joŋante**

Fukki joŋantekat walla lu ko ëpp ñooy taxaw janoo ak pax yi.

- **Diirub po mi**

Mën nañu ko natt ci fukki simili, fukki simili ak juroom walla ci ay poñ (bu kenn amee ci limu poñ bi ñu laaj, maanaam ñeent, juroom, juroom-benn, juroom-ñaari xeer...).

- **Tëralinu po mi**
  - Gasal ay pax yu xóot yu toppante, mu ci nekk am turu joŋantekat.
  - Na pax yi jàkkarloo ak miir bi leen soree fukki meetar.
  - Sore ko juroomi meetar laata ngay sànni bal bi mu jëm ci sam pax.
  - Jëlal bal bi ci sa pax mi, sànni ko keneen koo ci mën a jot.
  - Su fekkee sa pax amul bal, bala ñu lay laal, nga daw laali miir ba.
  - Jëkkanteel bal bi, jël ko, di ko sànni ci pax mi.
  - Defleen as xeer ci pax mi, saa su bal bi duggee.
  - Ki am ndam mooy kiy ëppale ay xeer ci paxam, su po mi jeexee.

Noppi ngeen ? Aywa ! »

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**jumtukaay :** lépp li ngay jëfandikoo ci po mi.
**diir :** waxtu (wi po mi laaj) ; yàggaay.
**ëppale :** gën a barele.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **leen** | **po mi.** | **Nijaay Asan** | **xamal na** |

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **jàpp** **xeer**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **wax** **jeex**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| |
|---|
| **gas, pas, nataal, kàmb, xóot** |

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan la po mi am ci nataal bi ?

   **Tontu yi :** A : Ki ci ndeyjoor moo ëpp doole.
   B : Ki ci càmmooñ moo ëpp doole.
   C : Ñaari mbër yi ñoo tolloo doole.

2. Kan moo sànni balu teŋs bi ?

   **Tontu yi :** A : Xale bu góor a ko sànni.
   B : Xale bu jigeen a sànni.
   C : Ki ko sànni du xale mag la.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Man po la leen Nijaay Asan di jàngal ?

   **Tontu yi :** A : Kàmb-géej.
   B : Tëb-kàmb.
   C : Futbal.

2. Ñaata ñoo mën a bokk ci joŋante bi ?

   **Tontu yi :** A : Juroomi joŋantekat.
   B : Lu neew neew fukki joŋantekat.
   C : Joŋantekat yu bare.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Fan lañu mën a defe po mi ?

   **Tontu yi :** A : Ci tool kese.
   B : Ci géej dong..
   C : Fépp fu yaatu te ñu mën fa gas.

2. Ñan ñoo mën a bokk ci powum kàmb-géej ?

   **Tontu yi :** A : Mag.
   B : Xale.
   C : Ñépp.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Jàppleen lii ma leen di wax, na joŋantekat yi am doole.
2. Jàppleen lii ma leen di wax, na joŋantekat yi nekk mag.
3. Jàppleen lii ma leen di wax ci tëralinu po mi.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Sànnil bal bi ci kàmb gi.
2. Dóoral bal bi ci suuf.
3. Dóoral bal bi ki ngay joŋanteel




### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Ni ñuy defare njarum buy

Téy, Mari jàngiwul. Xaritam yi dañu ko seetsi. Bëgg na leen a defaral njarum buy. Yaayam mi jiite jaaykati njar yi ñuy defare meññeefi réew mi di ko wax ni muy def.

- **Yi ñuy soxla**
  - ñaari liitari ndox mu bax ;
  - liibar ak genn-wàllu liibaru buy ;
  - xaaju genn-wàllu liibaru suukar ;
  - pot bu ndaw bu meew mu daŋ mu am suukar ;
  - ñetti mbuusu suukar-wani.
- **Ni ñu koy defare**
  - Raxasal bu baax say loxo ba ñu set.
  - Tànnal buy bi ba mu set, dindi lépp lu ci di càmpoor.
  - Defal buy bi ci ndab lu set, sotti ci ndox mu tàng mi, bàyyi ko ñaar-fukki simili ba buy bi nooy.
  - Yëngal ko ak ruuxu ba buy bi ak doom yi tas.
  - Nga segg ko ci tame, bàyyi ko mu teey fukki simili ak juroom, nga seggaat ko.
  - Dolli ci suukar su mokk si ak ñaari mbuusu suukar wani yi.
  - Dolli ci meew mu am suukar mi su la neexee.
  - Ci mujjantal gi, jëlal sa njarum buy seddal ko. Soo koy joxe, nga def ci ay donji galaas.

Haa, dafa saf ! Aka neex !

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**càmpoor :** caas yi nekk ci biir buy bi.
**tànn :** génne lu bokkul ci dara.
**mujjantal :** fi dara di jeexee.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **suukar.** | **meew** | **Dollil** | **ak** |

#### b. Ma rààñee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **daŋ** **teey (ba mu teey)**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **dolli** **tuur**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

**sump, njar, ruuxu, galaas, suukar**

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. FLan nga gis ci nataal bi ?

   **Tontu yi :** A : Ab pot bu tege ci kaw taabal.
   B : Ab kaas bu tege ci kaw taabal.
   C : Ay kaas yu tege ci kaw taabal.

2. Lan la kaas yi def ?

   **Tontu yi :** A : Kafe la kaas yi def.
   B : Njarum buy la kaas yi def.
   C : Njarum bisaab la kaas yi def.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñaata simili ngay bàyyi buy bi ci biir ndox mu tàng mi ?

   **Tontu yi :** A : Fukki simili ngay bàyyi buy bi ci ndox mu tàng mi.
   B : Bàyyil buy bi ñaar-fukki simili ci ndox mu tàng mi.
   C : Bàyyil buy bi ñeent-fukki simili ci ndox mu tàng mi.

2. Ñaata liitari ndox ngay soxla ?

   **Tontu yi :** A : Ñetti liitari ndox ngay soxla.
   B : Ñeenti liitari ndox ngay soxla.
   C : Ñaari liitari ndox ngay soxla.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lan la suukar wani bi di def ci njarum buy mi ?

   **Tontu yi :** A : Suukar-wani bi dafay woyofal suukaru njarum buy mi.
   B : Suukar-wani bi dafay yokk suukaru njarum buy mi.
   C : Suukar-wani bi dafay jox njarum buy mi xet ak cafka gu neex.

2. Kiy digle, ndax njar mu sedd la taamu walla mu tàng ?

   **Tontu yi :** A : Njar mu sedd la taamu.
   B : Njar mu tàng la taamu.
   C : Njar mu sedd mu am galaas la taamu.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Defal buy bi ci ndab lu set, sotti ci ndox mu tàng.
2. Defal buy bi ci ndab lu set, sotti ci ndox mu sedd.
3. Defal buy bi ci ndab, lu set, sotti ci ndox mu nugg.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Dëppal tame bi, denc desu buy bi.
2. Jëlal tame bi, segg buy bi.
3. Dëppal tame bi ci kaw buy bi



### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Naka lañuy jëfandikoo montar ?

Badu ak Mari dañoo wax seen pàppa mu xamal leen ni ñuy jànge waxtu ci montar. Mu ni leen :

- Jàppleen ne ci montar, am na ay lim yu toppante, bi gën a tuuti jëm ci bi gën a kawe 1 ba 12 ak ñetti puso. Benn ci puso yi dafa sew, di daw xél wu rëy. Mooy puso saa yi. Saa su yëngoo, benn saa jàll na. Beneen puso bi moo gën a dijj te gudde ne puso saa yi. Mooy puso simili yi. Su yëngatoo wenn rëdd, benn simili jàll na. Puso bu mujj bi moo gën a yaatu, gën a gàtt puso simili yi. Mooy puso waxtu yi.
- Xamleen ne simili bu ne 60 saa la. Mooy diir bi puso saa yi di def ngir jóge ci limu 12 dellusi ca. Wenn waxtu, 60 simili la. Mooy diir bi puso simili yi di def ngir jóge ci 12 dellusi ca.
- Xoolleen lim bi puso waxtu bi joxoñ. Mooy wone waxtu wi jot. Su nekkee ci diggante ñaari lim, waxtu wi mooy lim bi féete suuf.
- Jàngleen limu simili yi, jàpp ne wenn rëdd wu tuuti wu ne simili la, dale ko ci 12.
- Jëfandikooleen lim yu ñu fule juroom, su puso bi joxoñee ci ab lim. Su nekke ci 12, xamleen ne waxtu wi dara teguwu ci.

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**xél :** daw bu gaaw.
**saa :** segond.
**simili :** minit.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Ci puso yi** | **bu ci sew.** | **benn** | **am na** |

#### b. Ma rààñee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **joxoñ** **ful**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **dijj** **yaatu**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

**simili, waxtu, tukki, saa**

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñan ñoo nekk fii ci nataal bi ?

   **Tontu yi :** A : Badu, Mari ak seen pàppa ñoo fi nekk.
   B : Ñaari elew ak seen rakk ñoo fi nekk.
   C : Xale bu jigeen ak pàppaam ñoo fi nekk.

2. Lan moo tege ci kaw taabal ji ?

   **Tontu yi :** A : Ordinaatëer a ci tege.
   B : Benn portaabal a ci tege.
   C : Ab montar a ci tege.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñaata puso la montar bi am ?

   **Tontu yi :** A : Ñaari puso la am.
   B : Ñetti puso la am.
   C : Amul benn puso.

2. Simili bu ne ñaata saa la am ?

   **Tontu yi :** A : 16 saa la am.
   B : 06 saa la am.
   C : 60 saa la am.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lu xale yi jublu ci njàngum waxtu yi ?

   **Tontu yi :** A : Xam waxtu wu jot
   B : Jaay montar
   C : Defar montar

2. Ban dox la puso bu yaatu bi di dox waxtu door a jot ?

   **Tontu yi :** A : Su jógee ci ab lim romb ñaari lim.
   B : Su jógee ci ab lim dem ci lim bi ci topp.
   C : Su taxawee ci ab lim, bañ faa jóge.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Montar ay lim kese la am.
2. Montar ay puso kott la am.
3. Montar am na ay lim ak ay puso.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.

1. Xoolal bu baax lim yi ci sa montar.
2. Takkal bu baax sa montar.
3. Tekkil sa montar balaa tooy.




### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.



# Ni elew war a mel

Ba mu reeree ba noppi, Yaay Astu woo na Badu. Dafa koo bëgg a wax nu nit di def ba am doxalin wu rafet. Nee na ko : « Boo bëggee doon elew bu ñépp naw ci sa doxalin, jëfeel yii :

- Jàngal teel a yeewu, boroos say bëñ bu baax, soo noppee, sol yére yu set.
- Deel yore saa su ne jumtukaayi ekool naka téere, kaye ak yeneen yi.
- Deel teg say jumtukaay fa ñu war a nekk ca kër ga. Boo ko defee, doo tàrde boo waree dem ekool.
- Gënal a farlu ci loolu, rawatina bu guddi jotee, bala ngaa tëdd.
- Saa yoo wàcce, nanga ubbi say téere ak say kaye, jàng li ñu la sant.
- Jàppal nit ñi maase ak say waajur ni say waajur, sa moroomi rakk walla mag, ni say rakk walla mag.
- Joxal cër sa nàttangoo yi, bañ leen a gënalante.
- Wegal itam seen jàngalekati ekool yépp.
- Bul naqari deret, walla nga yëg sa bopp, boo nekkee sax elew bi gën a xereñ ci seen kalaas.
- Moytul te sàmm alalu mbooloo ak alalu jàmbur.
- Bul yàq lu ñépp moom ndax ñépp a ko bokk.
- Bul jëw kenn, nanga jub te dëggu.
- Foo tollu, sàmmal sa kàddu saa yoo ko joxee.

Lii, ku ko dëkke doon royukaay ! »

## Laaj yi ak liggeey yi

Baat yu jafe yi

**nàttangoo :** moroom, ñi nga tollool ay at, ñi nga maaseel.
**royukaay :** ku ñuy xool ci moom ndax jikkoom ju rafet.

### I. Ma tekki

#### a. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

| | | | |
|---|---|---|---|
| ku ko | doon royukaay. | dëkke | Lii |

#### b. Ma ràññee

1. Bindal ci sa kaye baat bu bokk tekki ak benn bu ne ci yii ci suuf.

   **sant** **maas**

2. Bindal ci sa kaye baat bu woroo ak benn bu ne ci yii ci suuf

   **jub** **farlu**

#### c. Ma seppi

Seppil baat bi warul bokk ci mboole mi te bind ko ci sa kaye.

| |
|---|
| farlu, jub, robb, dëgg, teel a yeewu |

### II. Ma dégg li jukki bi ëmb

#### a. Ma xam li nataal bi ëmb

Xoolal nataal bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Ñan ñoo nekk ci natal bi ?

   **Tontu yi :** A : Badu, Mari ak Pàppa Omar a ci nekk.
   B : Mari, Yaay Astu ak muus mee ci nekk.
   C : Yaay Astu, Mari ak Badoo ci nekk.

2. Mari moom, lu muy def ?

   **Tontu yi :** A : Mari dafay seetaan tele.
   B : Mari dafay jàng.
   C : Mari dafay waxtaan ak yaayam.

#### b. Ma tontu

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lu Yaay Astu di def ak Badu ?

**Tontu yi :** A : Badu dafa bëgg telefon.
B : Yaay Astu dafay nuyu Badu.
C : Yaay Astu dafay digal Badu.

2. Yan jikko la Yaay Astu wax Badu ?

**Tontu yi :** A : Joxe cër, teel a yeewu, sàmm alalu mbooloo.
B : Waxtaan ak fo, bañ a joxe cër.
C : Lekk ak seetaan, di yàq rekk.

- Jàngal jukki bi, bind limu laaj bi ci sa kaye te toftal ci arafu tontu wi dëppoo ak moom.

1. Lan mooy njariñu li Yaay Astu di def ak Badu ?

**Tontu yi :** A : Dafa bëgg mu toog seen kër.
B : Dafa bëgg mu am doxalin wu rafet.
C : Dafa bëgg mu màgg.

2. Waxal ñetti jikko yu nekk ci jukki bi.

**Tontu yi :** A : Teel a yeewu, boroos say bëñ, sol yére yu set.
B : Yàq alalu mbooloo, tooñ, naajee yeewu.
C : Bañ a ubbi say téere, bañ a jàng say kaye, tooñ say moroom.

### c. Ma tànn

Bindal ci sa kaye limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Lii, ku ko dëkke doon royukaay.
2. Lii, ku ko def ci coow ngay dëkk.
3. Lii, ku ko dëkke du nelaw.

### d. Ma lëkkale

Jàngal kàddu yi te sotti ci sa kaye lim bi méngoo ak nataal bi.



1. Dimbaleel say moroom.
2. Deel dimbale mag ñi.
3. Bul dimbale kenn.

### e. Ma wax li ma jàpp

Waxal li nga jànge ci jukki bi.

## III. Ma dawal jukki bi

Biralal jukki bi lu mu néew-néew ñetti yoon. Yoon wu ci ne, nanga settantal baat yi ak kàddu yi, te bàyyi xel bu baax ci tomb yi.